Kijan pou Jere Dosye Pwotès Asirans Chomaj ou a

YON GID 4 ETAP

1



Avi Resi a

Kou yo resevwa Pwotès ou a, y ap voye yon "Avi Resi Pwotès" ba ou pa lapòs. " Li enpòtan pou li enstriksyon nan do avi sa a touswit.

2

Delivrezon Deklarasyon ak Prèv

Ou ka soumèt yon Deklarasyon alekri pou Komite a revize; Yo p ap aksepte lòt dokiman oswa rezime ou ta gen apre epi y ap retounen yo.

3

Revizyon Jidisyè a

Yon Jij Dwa Administratif (ALJ) revize tout dosye ka a, transkripsyon odyans yo, ak tout deklarasyon alekri yo pou fè yon rekòmandasyon bay Manm Komite a.

4

Dènye Desizyon Komite a

Komite a ap pran dènye desizyon an y ap voye l ba ou pa lapòs; si ou pa dakò, ou ka depoze yon demann alekri pou relouvri ka a oswa fè pweotès nan Tribinal Siprèm, 3yèm Divizyon.

DAT LIMIT KRITIK YO

7 Jou Kalandriye: Premye Delivrezon yo

Ou dwe soumèt Deklarasyon ou an ak nenpòt demann pou revize transkripsyon odyans yo nan lespas 7 jou apati dat Avi Pwotès la.

12 Jou Kalandriye: Reponn Lòt Pati yo

Si yon lòt pati soumèt yon deklarasyon, ou gen 12 jou apati dat li te voye ba ou pa lapòs pou soumèt yon sèl repons.

20 Jou Kalandriye: Revizyon Transkripsyon

Si ou te mande yon transkripsyon, ou gen 20 jou apati dat yo voye transkripsyon yo ba ou pou soumèt Deklarasyon ekri ou a.

Mande Plis Tan

Demann pou pwolongasyon dat limit yo dwe fèt alekri pa faks oswa imèl epi yo dwe gen ladan yon rezon pou pwolongasyon an anvan dat limit aktyèl la ekspire.

Pwotès nan Tribinal: Pou kontakte Lakou Siprèm nan konsènan yon "Pwotès nan Tribinal" apre desizyon konsèy la, rele

NEW YORK STATE | Unemployment Insurance Appeal Board

P.O. Box 15125
Albany, New York 12212-5126
MenandsAppeals@uiab.ny.gov

TEL: (518) 402-0210
FAKS: (518) 402-6208
www.uiappeals.ny.gov